# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–22 अप्रैल 2025** **भोजपुरी समाचार**

एक राष्ट्र एक चुनाव से जुड़ल संयुक्त संसदीय समिति–जेपीसी क अध्यक्ष पीपी चौधरी कहले हवें कि ई राष्ट्रीय हित में हौ अउर एहसे अर्थव्यवस्था के लाभ होई। उहां के नई दिल्ली के संसद भवन में समिति के बइठकी से पहिले मीडिया से बातचीत कइलीं।

***वन नेशन, वन इलेक्शन देश के हित में है क्योंकि इससे अर्थव्यवस्था में बड़ा इजाफा होगा और जो असुविधा होती है इनडाइरेक्ट नुकसान होता है चाहे हमारे एजुकेशन सिस्टम को हो, बच्चों को हो, चाहे टीचर्स का इन्वोल्वमेंट हो, चाहे पैरा मिलिट्री फोर्सिस का इन्वोल्वमेंट हो, चाहे इलेक्शन कमिशन के स्टाफ का इन्वोल्वमेंट हो, अगेन एंड अगेन एक साल में पांच–छह इलेक्शन होते हैं और चाहे गवर्नेंस का हो और चाहे लॉजिस्टिक का हो। सारी चीजें हम देखें तो करीब वन प्वाइंट 5 परसेंट जीडीपी का साइमलटेंसली इलेक्शन से देश को फायदा होगा।***

एक राष्ट्र एक चुनाव से जुड़ल संयुक्त संसदीय समिति में कुलि ओन्तालीस सदस्य हवें, जेहमें लोकसभा क सत्ताइस सदस्य अउर राज्यसभा क बारह सदस्य सामिल बाटे।

**********

संघ लोक सेवा आयोग– यूपीएससी सिविल सेवा परीक्षा–सीएसई दुइ हजार चउबीस क रेजल्ट आजु घोसित कइ दिहलस। एहमें कुलि एक हजार नौ पास ओम्मेदवार कई गो सेवा बदे चुनल गइल हवें। प्रयागराज क शक्ति दुबे परीक्षा में पहिला स्थान हासिल कइले हइनि। जारी रेजल्ट के मोताबिक सीर्स क पचीस गो पास ओम्मेदवारन में इग्यारह महिला अउर चउदह गो पुरूस सामिल हवें। सिविल सेवा के मुख्य परीक्षा में चउदह हजार छौ सौ सत्ताइस ओम्मेदवारन के सामिल भइले क मौका दीहल गइल रहे, जेहमें से दुइ हजार आठ सौ पैंतालीस ओम्मेदवारन के व्यक्तित्व परीक्षण बदे चुनल गइल रहे। सिविल सेवा क प्रारम्भिक परीक्षा सोरह जून दुइ हजार चउबीस के आयोजित कइल गइल रहे, जेहमें पांच लाख तिरासी हजार दुइ सौ तेरह ओम्मेदवार सामिल भइल रहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि लखनऊ के सिटी मांटेसरी स्कूल में आयोजित गुरू गोरखनाथ स्वास्थ्य सेवा यात्रा–पांच के कार्यकर्ता सम्मान समारोह में हिस्सा लिहलें। येह मौका पर उहां के अपने सम्बोधन में कहलीं कि भारत में जतरा क लमहर श्रृंखला रहल हौ। आदि शंकराचार्य शंकर दिग्विजय यात्रा के जरिया से भारत के संस्कृति के रूप में जोड़ले क कार कइलें। अइसन धारमिक जतरा खाली आस्थे नाहीं बलुक समाज के एकता के सूत्र में बन्हले क जरिया बने ला। उहां के कहलीं कि सेवा जतरा से स्वास्थ्य जागरूकता में क्रांतिकारी बदलाव आइल हौ। ई जतरा बड़हन संख्या में लोगिन बदे स्वास्थ्य सेवा अउर पौस्टिक आहार क व्यवस्था सुनिस्चित कइले हौ।

**********

विस्व पर्यावरण संरक्षण कोसिस के समर्थन बदे आजु पृथ्वी दिवस मनावल जा रहल हौ। येह बरिस पृथ्वी दिवस क बिसय हौ– हमारी शक्ति, हमारा ग्रह। प्रस्तुत हौ एगो रिपोर्ट–

***इस वर्ष का विषय व्यक्तियों, समूहों और सरकारों से वर्ष 2030 तक स्वच्छ ऊर्जा के उत्पादन को तीन गुना करने का आग्रह करता है, जो अक्षय ऊर्जा को अपनाने की तत्काल आवश्यकता पर बल दे रहा है। यह अभियान जलवायु परिवर्तन से निपटने के लिए जीवाश्म ईंधन पर निर्भरता कम करना और स्थायी, न्यायसंगत तथा समावेशी ऊर्जा भविष्य में निवेश करने के महत्व को रेखांकित करता है। समाचार कक्ष से, मुकेश कुमार बल।***

विश्व पृथ्वी दिवस पर एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेसवासियन अउर पर्यावरण संरक्षण के दिसा में कार कइ रहल लोगिन के बधाई दिहले हवें। उहां के लोगिन से धरती के हरा–भरा अउर स्वच्छ रक्खे बदे संकलपित भइले क अपीलो कइले हईं। येह मौका पर प्रदेस के कई जिलन में विविध आयोजन कइल जा रहल हौ।

**********

कैलाश मानसरोवर जतरा कोविड के चारि बरिस बाद येह सालि तीस जून से फेर से सुरू होखे जा रहल हौ। ई जतरा उत्तराखण्ड सरकार अउर बिदेस मंत्रालय के संयुक्त देखिरेखि में आयोजित होई।

**********

मौसम विज्ञान विभाग प्रदेस के ढेरि जिलन में अगिला तीनि दिन ले हीट वेव क यलो अलर्ट जारी कइले हौ। विभाग के मोताबिक अगिला तीनि दिन में अधिकतम तापमान में दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस के बढ़ोत्तरी क पूर्वानुमान हौ। हीट वेव क अलर्ट जारी भइले के बाद कई जिलन क जिला प्रसासन स्कूलन के समय में बदलाव कई दिहले हौ। संबंधित जिलन क जिला बेसिक शिक्षा अधिकारी चिट्ठी जारी कइ के कक्षा एक से अठवीं तक क स्कूलन के समय में बदलाव क कड़ाई से पालन करे के कहले हवें। बनारस जिला में स्कूलन क समय भिन्नहीं सात बजे से अपराह्न डेढ़ बजे ले ओहीं चन्दौली अउर प्रतापगढ़ जिला में स्कूलन क समय भिन्नहीं साढ़े सात बजे से दुपहरिया साढ़े बारह बजे ले कइ दिहल गइल बा।

**********

इंडियन प्रीमियर लीग आईपीएल क्रिकेट में चालीसवां मैच आजु लखनऊ सुपर जायंट्स अउर डेल्ही कैपिटल्स के बिच्चे होई। लखनऊ के अटल बिहारी बाजपेई इकाना स्टेडियम में ई मैच संझा साढ़े सात बजे से खेलल जाई। हमरे लखनऊ प्रतिनिधि बतवलें कि दुन्नो टीमि के लग्गे बराबर अंक भइले के नाते येह मैच के बहुते रोमांचक भइले क ओम्मेद हौ।

**********